

Geguritan

M. Juniawan saputra

tegese geguritan

Geguritan yaiku puisi jawa gagrag anyar sing ora kaiket guru gatra, guru lagu, guru wilangan, nanging ngugemi anane rasa kaendahan. Geguritan dumadi saka tembung lingga "GURIT" kang nduweni teges tulisan kang awujud tatahan utawa tembang.

Bausastra Budiarto : gurit 

kw. 1 tulisan tatahan; 2 kidung, tembang; ng-[x]. 1 kw. ngarang tembang, ngidung, ngrêrêpi; 2 kn. (ut. ng-[x]-ake) ngurak-urakake bocah cilik; [x]-an, gêguritan kn. tembang (uran-uran) mung awujud purwa kanthi, up. Rujak nanas këmplung-këmplung anèng gêlas, tuwas tiwas nglabuhi wong ora waras. (Poerwadarminta: 1939)

jinise geguritan

GEGURITAN GAGRAK LAWAS : yaiku geguritan kang titikane diwiwiti kanthi ukara sun gegurit, lumrahe sapadane dumadi saka patang gatra,guru lagu (rima/pola perjasakan) pinathok.

GEGURITAN GAGRAK ANYAR : yaiku geguritan kang titikane ora kaiket kayata gagrak lawas., lumrahe nggunakake basa rinengga supaya katon endah menawa diwaca lan dirasakake. Wondene wangune geguritan gumantung saka kreativitas panggurit.

Struktur geguritan

1. Struktur Fisik

yaiku struktur kang dhapuk sawijining geguritan kang asipat fisik utawa susunane geguritan kasebut.

struktur fisik geguritan yaiku :

- tipografi : yaiku gaatra geguritan kang tinulis mawa pada utawa bait.
- diksi : yaiku pamillihe tembung sajrone geguritan.
- purwakanthi : yaiku swara utawa tetembungan kang padha sajroning ukara
- lelewaning basa : yaiku tembung kang digunakake panganggit kanggo nyitakake sawijining bab kanthi cara bandingane manungsa, piranti, apadene kahanan. Ing bahasa Indonesia diarani majas

2. Struktur batin

yaiku struktur kang bisa ditemtokake nalika maca geguritan kanthi utuh.

struktur batin geguritan yaiku :

- Rasa : yaiku salah bawwa panganggit marang pokok prakara sajrone geguritan asil karyane. Tuladha : pengalaman, pendhidikan, agama, lan sapinggalane.
- amanat : yaikupesen sing arep diaturakemarang pamaos.
- tema : yaiku punjerane bab kang ndadekake geguritan dumadi.
- wirama : yaiku nada sajrone maca gegeuritan kasebut, panganggit kaya-kaya arep njlentrehake apa sing dirasakake

paugerane maca geguritan

Maca geguritan prayogane adhedhasar 4w, yaiku:

1. Wicara : pocapan cetha, las-lasan, ora bindheng, ora gumremeng, tegas, bisa mbedakake d, dh, t, th, e, e, e, ora perlu mangu-mangu lan kudu kendel.
2. Wirama : maca geguritan ana lagune, cepet lan rindhik,cendhek dhuwuring swara, luk lan gregeling swara, aja mung wae.
3. Wiraga : pocapan trep karo solah bawa, nganggo ngobahake tangan, sirah, kedheping mripat.
4. Wiirasa :isine geguritan ditamatake/dilebokake ing njero ati. Anggone maca trep karo isine geguritan. Gumbreged, sedhih, seneng, nesu, mbujuk.

Tuladha

DONYA WIS LUNGSE

Dening : Rini T Puspohardini

Muyeg saemba pasar
Ala becik mapan digelar
Lamun luput nintingi
Ora mokal ati keplantrang
Kaya ngoyak playune ayang-ayang
Ndeder kang bisa dibayangake
Luwih ndeder kanyatane

Kekitrang
Kaya prau kelangan layar
Wuta wektu, wuta dunung
Lumaku tanpa papan katuju
Apa sejatine ngaurip
Yen ta sakeh daya
Prasasat nglari susuhe angin
Esuk sore lan wengi
Dadi liturgi kang dilakoni
Tanpa ati
Lan rasa

Sansaya kangelan maca tandha-tandha jaman
Segara wedhi
Sajake padha kelalen
Donya wis watara lungse
Kari ngenteni
Tancep kayone

Tema : Moral

Rasa Pangrasa : sedhih, gumun, bingung. (Medharake rasa sedhih, bingung, lan gumun nalika nyawang kahanane alam donya).

Nada : nyemoni. (Patraping penyair/penulis nyindir manungsa kang saya ora nggenah).

Swasana : bingung. (Batine kaco, kaya wong bingung)

Amanat : aja ngantri manungsa ngumbar hawa nepsu.dadi wong saya ora nggenah lan kudune bisa sadar utawa insyaf.

Matur
nembah
nuwun

